

Pwojè Amelyorasyon Estasyon Regilasyon NL-25 lan

Elmont, NY | Me 2022

This is an important notice. Please have it translated.

Este es un aviso importante. Sírvase mandarlo traducir.

Este é um aviso importante. Quiera mandá-lo traduzir.

Avis important. Veuillez traduire immédiatement.

Questa è un'informazione importante, si prega di tradurla.

Это очень важное сообщение. Пожалуйста, попросите чтобы вам его перевели.

Chè vwazen,

Nou pral kòmanse yon pwojè amelyorasyon enfrastrikti nan zòn ou an ki pral ede nou bay kliyan nou yo gaz natirèl ki san danje epi ki fyab. Pwojè Amelyorasyon Estasyon Regilasyon NL-25 lan pral ogmante fyabilite sistèm nan ak sèvis y ap bay kominote nan Elmont, NY la.

Men a kisa ou ka atann pandan konstriksyon an:

- **Make kote sèvis piblik anba tè** ki nan zòn nan ye.
- **Fouye wout** la ak/oswa twotwa a.
- **Chanjman pwovizwa pou pakin nan lari a.**
- **Chanjman nan jan trafik la konn abitye fèt.** Ap gen trafik pandan konstriksyon an, epi ap gen yon moun sou plas ki pou fè sikilasyon pandan lè travay yo. Tanpri sonje pàno devyasyon yo epi Ridge Road ak Leighton Roadon ap chanje an sans inik. Veye pàno konstriksyon yo ak kòn flamengo yo.
- **Plak lari yo.** Y ap sekirize epi mete plak sou chantye pwojè a nan lè ki pa gen travay yo.
- **Yo p ap koupe sèvis gaz** kliyan National Grid yo.
- Y ap fè **aranjman** nan zòn yo te deranje yo selon rekòmasyon Ministè Transpò (DOT) yo.
- **Kontak dirèk ak ekip sansibilizasyon nou an.** Si w gen kesyon oswa preyokipasyon, tanpri rele oswa voye yon imel bay ekip nou an.

Sansibilizasyon kont eskwokri:

Anplwaye ak tout kontraktè National Grid yo dwe gen yon pyès idantite ki gen foto yo. Si yon moun mande w pou l antre kote w epi li pa gen bon pyès idantite a, pa kite l antre. Rele National Grid nan 1-718-643-4050 oswa lapolis nan zòn ou an.

National Grid p ap mande pou yo peye yo an pèsòn pou travay k ap fèt yo. Si yo mande w lajan pou sèvis sa yo, pa bay okenn enfòmasyon, epi rele nou imedyatman.

Ou pran sant gaz. Aji vit.

Deplase fanmi w ak bèt ki lakay ou al nan yon zòn ki an sekirite andeyò zòn ou ye a epi rele 911 oswa avèti nimewo ijans pou gaz National Grid la 1 800 490 0045 ki Long Island ak Rockaway Peninsula. Pa janm sipoze yon lòt moun ap rele nan plas ou.

Dies ist ein wichtiger Hinweis. Bitte lassen Sie es übersetzen.

Αυτή είναι μια σημαντική ειδοποίηση. Σε παρακαλώ, μετέφρασέ το.

Đây là một thông báo quan trọng. Xin hãy dịch nó. Đây là một thông báo quan trọng. Xin hãy dịch nó.

이것은 중요한 공지입니다. 번역해 주세요.

これは重要な通知です。翻訳してもらってください。

. זה הודעה חשובה. בבקשה לתרגם את זה.

Enfòmasyon rapid sou pwojè a:

Kisa: Yon nouvo Estasyon Regilasyon anba tè

Ki kote: Ang Ridge Road ak Dutch Broadway, Elmont NY

Kilè: Me 2022 Out 2022

Orè: Lendi Vendredi, 7 è nan maten jiska 4 è nan aprèmidi
Pafwa ka gen travay nan jou ki pa jou lasemèn tou.

Kesyon? Kontakte:

Ekip jesyon moun ki konsène yo

631 755 5338

ngrid.com/nl25

*Konstriksyon an ka chanje

